

PWOGRAM BOUSDETID FONDASYON FANMI GORDON HALL III

ANE AKADEMIK 2026-2027

KONSÈNAN BOUS LA

Pwogram Bousdetid Fondasyon Fanmi Gordon Hall III, ki administre pa Fon Bousdetid nan Memwa Stephen Phillips, ap ofri bous kat (4) lane renouvlab pou etidyan Lynn ak Marblehead yo ki gen bezwen finansye epi ki gen bon rezilta lekòl.

- ✓ Kandida a ka frekante nenpòt etablisman ansèyman siperyè ki Ozetazini, men li dwe soti Lynn oswa Marblehead, MA.
- ✓ Bous yo rezève pou etidyan ki vle gen premye diplòm lisans yo nan yon etablisman siperyè kat (4) lane pandan ane akademik 2026-2027 la.
- ✓ Kandida yo dwe gen yon **mwayèn kimilatif (GPA) 3 oswa plis** sou yon echèl 4 pou yo konsidere kandidati yo.
- ✓ Kandida yo dwe demontre bezwen finansye pou yo ka konsidere pou Bousdetid Hall la. Elèv ki gen **bezwen finansye \$4,000 oswa plis** ap kalifye. Gen yon Kalkilatrè Admisibilite Finansye k ap disponib byento sou sit entènèt nou an pou ede fanmi yo detèmine si yon elijib. An jeneral, entasyon nou se ede finansyèman etidyan ki gen **Endèks Èd pou Elèv (SAI) 13,000 oubyen mwens**. Sepandan fanmi ki nan sitiasyon finansye patikilye yo ka kontakte nou nan apèl oswa nan imèl pou yo konn si yon elijib.
- ✓ Yon sitwayen Etazini OSWA yon moun ki pa sitwayen men ki swa a) gen yon prezans legal aktyèl Ozetazini ak yon otorizasyon pou travay, OSWA b) depoze (oswa se yon depandan yon paran ki depoze) yon deklarasyon taks sou revni Etazini.

FASON POU APLIKE

Vizite www.phillips-scholarship.org pou jwenn plis enfòmasyon sou aplikasyon pou bous epi pou jwenn aksè nan fòm aplikasyon an. **Pou aplike, soumèt fòm anliy nan.** Yo p ap konsidere aplikasyon ki fèt pa lapòs yo. Kòmanse aplikasyon anliy ou an ase bonè pou w ka reponn san bliye anyen epi bay rekòmandatè w yo ase tan pou reponn demann ou yo. **Pou konplete aplikasyon w lan, w ap bezwen telechaje:**

- ✓ Yon disètasyon fòmèl ak kèk repons kout
- ✓ Enfòmasyon sou èd finansye etablisman ansèyman siperyè oswa inivèsite ou prevwa frekante a
- ✓ Non ak detay pou kontakte omwen yon moun referans
- ✓ Rezime Soumisyon FAFSA (FSS) ou pou 2026-2027

Dat limit Nòmal - 12 è pm, 1 Me 2026.

Kandida yo ap konn desizyon yo pran yo fen Jen.

Fòm W-2 pou Etidyan 2025 ak Fòm Fiskal Paran yo pou 2024.

Yo ka mande fòm sa yo apre pandan pwosesis la.

THE STEPHEN PHILLIPS MEMORIAL SCHOLARSHIP FUND, INC.

PO Box 870 • SALEM MA 01970

www.phillips-scholarship.org • staff@spscholars.org • 978-744-2111